

**ATANSYON CHOFÈ FHV YO: DÈNYÈ NOUVÈL SOU
OPERASYON GARAJ B NAN TÈMINAL B AYEWOPÒ
LAGUARDIA A**

Meera Joshi
Manm Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
Afè Piblik
harshbargerR@tlc.nyc.gov

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Otorite Pò New York ak New Jersey ap chanje règ li yo konsènan opèasyon Garaj Tèminal B nan Ayewopò LaGuardia a.

Kòmanse 12 janvyè 2019, chofè yo ki itilize nivo 3 a 7 nan Garaj Tèminal B a epi k ap peye ak kat kredi/debi oswa lajan kach yo dwe pran yon biyè nan antre a. Chofè ki gen E-ZPass Plus yo pa pral bezwen pran yon biyè epi yo pral chaje yo otomatikman pou nenpòt ki peman ki nesèsè pou gare machin yo ak tag E-ZPass Plus yo a.

Chofè k ap epye ak kat kredi/debi oswa lajan kach yo ka itilize mache pou peye a pye ki nan nivo 1, 3, ak 4 yo. Chofè k ap peye ak kat kredi/debi yo ka peye nan sòt ia.

Men pri pou itilize nivo 3 a 7:

- Premye 30 minit: gratis
- Chak 30 minit an plis: \$5 chak 30 miniti
- Maksimòm chaj pa jou: \$39

Nivo 1 ak 2 ap toujou disponib pou machin FVH k ap tann ak sa ki vin chèche pasaje yo gratis epi p ap gen okenn limit sou tan.